



HOME of the BUCCANEERS

Fevriye, 2024

Chè Paran,

ADMINISTRATION

Bridget R. Amory, Ed.D.
Superintendent

Kelly Carvajal Hageman, Ed.D.
Chief Academic Officer

Sara E. Hale, DBA
Chief Operating Officer

Laura L. Manges, M.Ed
Director of Human Resources

Jennifer Hallman, M.Ed.
Director of Student Services

BOARD OF EDUCATION

Scott L. Fitzgerald
President

Matt Bucher
Vice President

Adam S. Brownstein

Ashlee N. Connell

Victor C. Elzey

Jennifer L. Massotti

Jean A. Wylie

Mailing Address

906 Lakeview Avenue
Milford, DE 19963

Telephone

(302) 422-1600

Fax

(302) 422-1608

Website

www.milfordschooldistrict.org

Chak printan, tout elèv patisipe nan evalyasyon ofisyèl fen lane ki bay oumem ak pwofesè pitit ou enfòmasyon sou kòman pitit ou a ap evolye sou plan akademik. Sa ede edikatè yo konen kòman pou yo sipòte pitit ou a pi byen pou asire ke pitit ou a prepare pou ale nan klas siperyè epi, finalman reyisi nan lavi. Evalyasyon yo se you nan plizyè endikatè asosye ak bilten eskolè, kòmantè anseyan yo epi travay nan klas ki kreye youn imaj konplè de pwogrè youn elèv nan lekòl la.

Elèv lekòl segondè nan Delaware yo oblije pran SAT la nan klas 11yèm ane epe PSAT 10 la nan klas 10yèm a pandan jounen lekòl. Elèv 3èm rive nan 8èm ane patisipe nan “Smarter Assessment in English language arts” epi matematik. Evalyasyon adapte an lin sa yo fèt pou elèv yo kapab demontre ki sa yo konnen epi ka fè, li gen laddan tou elèv kap apran anglè oswa gen lòt bezwen espesyal. Pwofesè pitit ou a resevwa rezilta yo sou anviwo 3 semèn aprè elèv yo fin pran ekzamen an. Rapò yo poste al jen fanmi yo pandan vakans ete a.

Gen ekzijans tou pou ekzamen fen lane nan syans ak syans sosyal. Nan syans, elèv ki nan 5èm, 8èm epi 10èm evalye nan DeSSA Next Generation Science Assessment. Evalyasyon sa a pèmèt elèv yo demontre pwogrè yo nan fason yo ap metrize nòm syantifik Next Generation Science Standard, oswa NGSS. DeSSA Social Studies se youn evalyasyon eta a ke elèv yo fè nan 4èm, 7èm, epi 11èm. Li alinye avek nòm etid sosyal nan eta Delaware epi nòm eta Delaware pou istwa literè/syans sosyal.

Chak ane, elèv ki nan pwogram elèv k ap aprann anglè yo fè tès metrize lang ACCESS for ELL la. Tès la mezire nivo metrize lang Anglè akademik pou elèv k ap aprann anglè nan lekòl nou an ak nan tout eta nou an.

Tout Evalyasyon sa yo nan òdinatè epi elèv yo fè yo nan lekòl la fa a fas. Tankou tout lòt evalyasyon nan nivo eta a, pwofesè yo ap itilize evalyasyon fen ane sa yo kòm youn nan plizyè mezi pou detèmine pwogrè pitit ou a. Rezilta yo gen landan yo plizyè mezi pou ede idantifye fòs ak feblès nan model aprantisaj pitit ou a pou eden m an plas estrateji pou ki ede konble bezwen pitit ou a. Paran ka jwen resous konsènan evalyasyon sa yo si yo vizite <https://education.delaware.gov/educators/academic-support/standards-and-instruction/digital-de/assessment/> oswa sit distri a ki se milfordschooldistrict.org anba tit “Assessment and Accountability”.

10 desam 2015, yo te siyen lwa *Every Student Succeeds Act of 2015* (ESSA). Seksyon 1112(e)(2) ESSA a di paran ak fanmi elèv ki nan lekòl Tit I gen dwa pou konnen regilasyon ki konsène patisipasyon elèv yo nan evalyasyon ke ESSA mete obligatwa, ki enkli nenpòt regilasyon, pwosedi, oswa dwa paren pou anpeche pitit li pran ekzamen sa yo. Si ou ta renmen resevwa enfòmasyon konsènan sijè sa a kontakte direktè lekòl pitit ou a.

Sensèman,

Dr. Bobbie Kilgore, NBCT
Supervisor of Instruction

The Milford School District is an Equal Opportunity Employer and does not discriminate in employment or in educational programs, services, or activities on the basis of race, color, creed, religion, gender (including pregnancy, childbirth and related medical conditions), national origin, citizenship or ancestry age, disability, marital status, veteran status, genetic information, sexual orientation, gender identity, or upon any other categories protected by federal, state, or local law. The following person has been designated to handle inquiries regarding non-discrimination policies: Director of Personnel, 906 Lakeview Avenue, Milford, DE 19963, telephone 302-422-1600.